

Konsèy pou Garaj ak Pak Estasyònman

Verifye estati lisans yon antrepriz ansanm ak antesedan plent yo

Yon lisans DCWP pou Pakin oswa Pak estasyònman nesesè pou jere yon antrepriz ki kapab kenbe senk (5) machin oswa plis, ki ouvè pou publik la, epi ki fè moun peye pou pakin. Aktyèlman, DCWP bay lisans pou plis pase 1,600 pak estasyònman ak garaj toupatou nan Vil New York.

Lè w ap chèche yon pak estasyònman epi yon garaj, kit se pa mwayen yon aplikasyon oswa an pèsòn, itilize [**Zouti Rechèch Lisans DCWP**](#) pou chèche konnen si yon antrepriz gen lisans nan DCWP anvan w itilize li.

Chèche pano yo

Pano yo dwe afiche yon fason ki vizib nan chak antre publik, ep yo dwe gen chak bagay ki vin apre yo ladan yo: non antrepriz la, adrès antrepriz la, nimewo lisans DCWP a, kapasite veyikil jan sa ekri sou lisans DCWP a, kantite plas estasyònman minimòm pou bisiklèt lalwa egzije (si kapasite veyikil la pi plis pase 50 machin), epi orè fonksyònman an.

Si yon garaj oswa yon pak estasyònman plen, yo dwe mete yon pano ki ekri "Ranpli" (Full Capacity) ak lèt ki gen omwen 6 pouz wotè, nan chak antre publik pou fè kliyan yo konn sa.

Gade pri yo

Gen anpil garaj ak pak estasyònman ki fè peye diferan tarif selon lè nan jounen an; asire w ou verifye tarif pou jounen ak lannuit yo si genyen, paske gen pano separe ki dwe afiche akote youn lòt.

Mande resi epi konsève yo.

Garaj ak pak estasyònman yo kapab bay fakti pou peryòd fraksyone oswa èdtan, verifye pano afichaj pou tarif yo ki dwe bay montan total la ak montan maksimòm pou peryòd. Pa egzanp: Jiska 1 èdtan: \$ Jiska 2 èdtan: \$ Maksimòm: Orè: . . . Oswa Maksimòm: 6 a.m. rive 7 p.m. . . .

Si yo mande diferan tarif pou kèk jou nan semèn nan oswa pou okazyon espesyal yo, yo dwe afiche tarif sa yo dirèkteman anba pano ki endike tarif nòmal la oswa sou yon pano separe akote pano ki endike tarif nòmal la.

Garaj ak pak estasyònman yo dwe pwoteje pwopriyete w la.

Garaj ak pak estasyònman yo dwe veye pou yo pa andomaje veyikil, bisiklèt ak byen pèsonèl kliyan yo. Yo pa kapab mete pano oswa fè w siyen okenn dokiman ki retire responsabilite sou do yo si gen domaj.

Depoze yon plent

DCWP ankouraje kliyan yo pou rapòte garaj ki pa gen lisans yo epitou pou depoze yon plent si yo gen pwoblèm ak yon garaj oswa yon pak estasyònman, sou **sit entènèt DCWP a** oswa lè yo rele nan 311.